Ассаламу г1алайкум, казбекалъул жамаг1ат!

ВЕСТНИК
# Чапар
КАЗБЕК РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА

ГАЗЕТА БАХЪИЗЕ БАЙБИХЬАНА 1933 СОНАЛЪУЛ 15 АПРЕЛАЛДА

12+ № 48 (9842) 9 декабрь 2019 с. / Итни 6 Рабиг1уль-ахир 1441 с./ багьа 8 гъур. redakciya-chapar@mail.ru

## Уважаемые жители Казбековского района!




### Поздравляем вас с Днем Конституции Российской Федерации!

12 декабря 1993 года народ России сделал свой выбор в пользу демократии, определил стратегический путь развития страны. Принятие Конституции сыграло огромную роль в укреплении российской государственности, надежно обеспечило гражданские и экономические свободы. Наша задача – хранить заложенные в ней общенациональные ценности, строить на их основе стабильное, правовое, демократическое государство.

Сегодня мы должны помнить, что правопорядок и согласие в стране зависят от каждого из нас. Только бережное отношение к своим правам и обязанностям могут помочь нам в сохранении основ государственного устройства нашей страны.

Пусть этот праздник будет символом процветающей страны, незыблемым гарантом прав и свободы для граждан России. Успехов всем вам в труде, новых достижений, мира и согласия!

**Глава МР «Казбековский район» Г.Г. МУСАЕВ.**
**Председатель Собрания депутатов Г.М. ГИРИСХАНОВ.**

### Уважаемые казбековцы!

День Конституции Российской Федерации – это праздник государственной важности. Это наш общий праздник! Поздравляю всех жителей района с этим знаменательным днем. Желаю всех благ, а главное, чтобы Основной Закон нашей страны соблюдался неукоснительно и каждый из нас был уверен в своем будущем.

**Депутат НС РД М.-п. (К.-п.) Д. УМАХАНОВ.**

Поздравляю с Днем Конституции Российской Федерации и хочу пожелать, чтобы каждый день и каждый год правительство заботилось о правах и благе граждан, чтобы во всем и всегда соблюдался порядок и закон, чтобы каждый из вас жил в достатке и счастье, чтобы Конституция оставалась надёжной гарантией безопасности и полноценности жизни.

С праздником!

**Секретарь политсовета Казбековского отделения ВПП «Единая Россия» Д.Г. МАХАЧЕВ.**

## Извещение

12 декабря 2019 года в зале заседаний администрации МР «Казбековский район» состоится XXXVI-сессия Собрания депутатов района с повесткой:

**1.О районном бюджете МР «Казбековский район» на 2020 год и плановый период 2021 и 2022 годов.**

(Докладчик: Гаджиев Р.А.- руководитель финансового управления МР «Казбековский район»).

На сессию приглашены: депутаты районного Собрания, руководители всех уровней бюджетных учреждений и организаций района.

**Председатель Собрания Депутатов МР «Казбековский район» Г.М.Гирисханов.**

*Политика*

## Гъизляралда данделъи



3 декабралда Гъизляр шагьаралда тIобитIана нилъер республикаялъул Северияб рахъалде кколел районазул харабазул советазул председателазул ва жамгIиял церехъабазул данделъи.

Гьенире гIахьаллъана - Дагъистан Республикаялъул бетIер В.А. Васильев, гьесул кумекчи В.В. Иванов, росдал магIишаталъул, соцэкономразвитиялъул, строительствоялъул министерзаби ва цогидалги жавабиял хIалтIухъаби.

Гьеб данделъиялъул хал гьабиялде росарал, нацпроектазда рекъон, республикаялда гьарулел ругел хIалтIаби,налогал ракIариялда ва росдал магIишат цебе тIезабиялда сверухъ гьарурал, гьаризесел хIалтIаби ва рехсарал суалал гIумруялде рахъинариялъулъ харабазул советазул,жамг1иял х1аракатчаг1азул бугеб к1варалъул бицун гьенив к1алъазе вахъана В.А.Васильев, республикаялъул бет1ерасда цебе г1уц1араб харабазул Советалъул председатель Гiабдула Мух1амадов, тIадехун рехсарал идарабазул министрал ва цогидалги жавабиял хIалтIухъаби.

Нилъер районалдаса гьеб тIадегIанаб роцада тIобитIулеб данделъиялде вакилзабилъун рихьизарун рукIана - районалъул бетIерасда цебе гIуцIараб харабазул Советалъул председатель Мухтар Чупалаев, гьелъул член ТIагьир Салаев. Гьенив кIалъазе вахъарав Чупалаевас, нилъер районалъул нухмалъулезул ва росабазул жамагIатазул рахъалдасан, Владимир ГIабдулгIалиевичасе баркала загьир гьабуна гьес нилъер районалъе ахириял соназда гьабулеб кумекалъухъ.

Бицана, нацпроектазда рекъон, гьарулел хIалтIабазул.

Гьединго, Васильевасда гьарана Ишахиса лъим бачиналъе хIажатаб кумек гьабеян ва гьеб дурго хъаравулъиялде босеян. В. ГIабдулгIалиевичас гьари къабул гьабуна, хIажатаб кумек гьабизе рагIи кьуна.

Гьенибго, минэкономикаялъул вакилалъ абуна, Ишахиса бачIунеб лъее проектал гьариялъе хIажатаб гIарац биччан бугин ва хадусан лъим бачине хIажатаб къадар гIарцулал сурсатазул риччаялъеги щибго квал-квал бук1ине гьечIин. Гьеб данделъиялда рича-чвана, республикаялъул роцада жидеде к1вар буссинабизе кколел цогидалги суалал.

Гьелъул г1ахьалчаг1аз гьениб рак1рагьараб гара-ч1вари гьабуна.

**Нижер мухбир.**

*Гьудуллъиялъулъ - нилъер къуват*

## Турциялдаса гьалбал



28 ноябралда **«Казбек район»** муниципалияб гIуцIиялъул бетIер ХI.ХI. Мусаев дандчIвана Турциялдаса нилъехъе (алмахъазул ритIучIазул ферма бугеб бакIалда) цадахъаб бизнес гьаби мурадалда, гьанал ва рахьдал ниг1матал гьарулел предприятиял раялъул суал данд базе Турциялъул мебель гьабулеб **«Мобсад»** Ассоциациялъул, мебель бичулеб **«Мираж»** тукабазул ва фабрикабазул президент Нури Гюрджан, гьеб Ассоциациялъул архитектор Алпер Докузлюоглы, гьелъул Россиялда бугеб **«Сиде Су»** компаниялъул Генералияй вакил Гавриличева.

Гьеб дандчIваялда гьалбадерица бицана жидеца, туризм цебетIезабиялъул рахъалъ, районалда гьаризесел хIалтIабазул.

**«Алмахъ»** туристазулаб комплексалъул Генералияй директор Зугьайрат Сатираевалъулгун ва Айтимер Сатираевасулгун бугеб лъикIаб бухьеналъул, республикалъе нухмалъулез гьеб, гIадамазул социалияб рахъ цебетIезабиялъе гьабулеб хIалтIи лъикIаблъун ва, чара гьечIого, хIажатаблъун рикIкIиналъул, гьелдаса кIиябго рахъалъе бугеб пайдаялъул.

**«Гьединаб,цадахъ рекъараб хIалтIиялъ нилъер районалъул бюджеталде бач1ина г1арац ва хIалтIудалъун гIадамал хьезариялъул рахъалъ гьелъ кьезе буго кIудияб пайда»,**-ян абуна ХI. Мусаевас.

**И.ИДРИСОВ.**

Инсан ва г1умру
**Нахъе тана лъикIаб цIар**
Ц1ализе бегьула - 2 гьум.

КIудияб Бергьенлъиялъе - 75 сон!
**«Реццалъул орден»**
Ц1ализе бегьула - 5 гьум.

Спорт-инсанасул сахлъи
**Футбол хIаялъул турнир**
Ц1ализе бегьула - 6 гьум.

Г1агараб газеталъул божарал гьудулзаби,

## Депутатас къабул гьаруна

Гьаб соналъул 30 ноябралда **«Цогояб Россия»** партиялъул рахъалдасан Дагъистан Республикаялъул Халкъияб Собраниялъул депутат К-п.(М-п.) Д. Пумахановас тIобитIана избирателалгун дандчIвай.

Гьеб къоялъ депутатасухъе рачIана 13 ялдасаги цIикIкIун к1вар бугел суалал. Масала: Паркьухъ росдал Собраниялъул депутат МухIамад МухIумаевас борхана, хасало рахъарал гьураз ток свинабун рах1ат хвезабулеб бук1иналъ, ИмангIали росулъе 3,5 км. манзилалда ракьулъан токил кабель лъеялъул суал. Депутатас рагIи кьуна гьелда тIад хIалтIизе ва жиндирго рахъалдасан росдае кьезе 60 квт. къуват бугеб дизелалъ хIалтIизабулеб электростанция.

Токалъул ва лъел суалалда тIасан к1алъазе К-п.(М.-п.)Д. Пумахановасухъе рачIана, Дилим росдал **«Поляна»** микрарайоналда яшав гьабун ругезул рахъалдасан Набиюла ГIабдулмслимов, Каримдин Идрисов ва ГIазимухIамад ХIасанов.



Гьезиеги депутатас рагIи кьуна трансформатор ва токил хIубал росизе кумек гьабизе ва Дилим росдал администрациялъул бетIергун дандги бан мирорайоналда лъим чIезабиялъул суал хасаб программаялде гьорлъе ккезабизе.

Ленинаул росдал администрациялъул бетIерасул заместитель Г1. Атаевас росуцоязул рахъалдасан баркала загьир гьабуна депутатасе, нухал къачIай,токил хIубал хиси, росдал больницаялъе медицинаялъул къайи, **«Хехаб кумекалъул автомашина»** бачIинабиялъе гьабураб кумекалъухъ.

Гьединго Атаевас гьарана депутатасде 15 токил хIубал хисизе, росулъ бугеб цо трансформатор къачIаялъе кумек гьабеянги. Гьеб гьари т1убазеги раг1и кьуна депутатас.

ДандчIваялда бицен гьабуна **«Архъабаш»** участокалда минаби разе ракьал кьеялъул, гIадамал хIалтIудалъун хьезариялъул, Буртунаялда интернет х1алт1изабиялъе ресал ратиялъул ва цогидал суалазулги. Гьел суалазеги депутатас гьаруна ч1вакъот1арал жавабал.

**С. АЛТУМИРЗАЕВ,** депутатасул кумекчи.

## Художникасул выставка рагьана

27 ноябралда районалъул Дилим росулъ культураялъул Централда, т1обит1ана Ленинаул росулъа Г1алимпаша Джамалдиновасул суратазул выставка рагьиялъул тадбир. Гьенире г1ахьаллъана районалъул администрациялъул бет1ерасул заместитель И.И.Шабазов, отдел культураялъул начальник А.Ибрагьимов, лъайкьеялъул управлениялъул информационниябгун-методическияб Централъул х1алт1ухъан Абубакар Мух1амадов, искусствоялъул школалъул муг1алим г1алдохъаби ва цогидалги гьалбал.

Гьеб тадбиралъул г1ахьалчаг1азе рес щвана Дагъистаналъул халкъалъул, гьезул тарихалъул ва рук1а-рахъиналъул бицунел суртазул хал гьабизе.



Районалъул бет1ер Х1ажимурад Х1ажиевич Мусаевасул рахъалдасан баркиялъулаб к1алъайгун цеве вахъарав И.И.Шабазовас абуна: **«Г1алимпаша ккола дир цевегосеб гьалмагъ. Гьев вуго рак1бац1ц1адав, г1аданлъи, ях1-намус гъорлъ бугев инсан. Жиндирго Ват1аналде ва халкъалде бугеб рокьи, гьезул тарих, цолъи, рук1а-рахъин загьир гьарулеллъун рук1уна гьесул х1алт1аби»**-ян.

Гьединго данделъиялда к1алъазе рахъарал А.Ибрагьимовас, Абубакар Мух1амадовас искусствоялъул школалъул муг1алим Назим Лах1итовас лъик1аб къимат кьуна художникасул х1алт1абазе.

**«Г1емерал сонал ана Г1.Джамалдиновас художественнияб-графическияб университеталъе къо-лъик1 гьабуралдаса, амма жегиги эхетун руго гьеб зданиялда цере, накъищал т1ад рекьун къач1арал Г1алимпаша Джамалдиновас гьарурал нуц1би»**-ян абуна жиндирго к1алъаялда, данделъи бачуней Цогояб Информационнияб Централъе нухмалъулей, Наталья Качалаевалъ. Выставкалда г1ахьаллъаразул рак1азе к1удияб асар гьабуна, Ленинаул росдал №1 школалъул ц1алдохъабазул ва Дилим росдал гимназиялъул ц1алдохъан Г1усман Качалаевасул церерахъиназ.

**Асият ДИБИРОВА.**

*Инсан ва гIумру*

## Нахъе тана лъикIаб цIар

**Миллат цIехараб мехалъ, аваравин абизе,**
**Авар мацI лъаларесул ихтиярго бугодай?**
**Рахьдал мацI бокьичIезе ВатIан бокьи щакаб жо,**
**Гьелъул адаб танани талихIдай насиблъулеб?**

**Рамазан Халидов.**



28 ноябралда районалъул культураялъул Централда тIобитIараб данделъи,бачунеб букIана бацIцIадаб магIарул мацIалда. Махщел бугев шагIир, жамгIияв хIаракатчи, чанго батIи-батIиял хъулухъазда ракIбацIцIадго хIалтIарав Буртунай росулъа АхIмадпаша Зиявдиновасул хIурматалда тIобитIулеб гьеб тадбир гIуцIизе жигарчилъи бихьизабуна районалъе нухмалъулез, ЖамгIиял гIуцIцIабазул Советалъ ва Централияб библиотекаялъул хIалтIухъабаз. Салатавиялъул тарих жидер цIаразги, бахIарчиял ишазги, махщел-гьунаразги бечед гьабурал гIадамал гIемер руго нилъер районалда. Гьездасан цояв лъун ккола жакъа нилъеца бицен гьабулев Ах1мадпаша Зиявдиновги.

Данделъиялде гIахьаллъана: районалъул бетIер ХI.ХI. Мусаев, районалъул депутатазул Советалъул председатель Гьирисхан Гьирисханов, ДГУялъул профессор,филологиял гIелмабазул доктор - АхIмад МуртазагIалиев, **«ХIакъикъат»** газеталъул бет1ерав редакторасул заместитель - журналист - Зикрула Ильясов, Хасавюрт шагьаралъул бетIер - Зайнудин Охъмазов, **«Дагсельхозстрой»**-ялъул директорасул заместитель - НигIматула Имащов, Данухъ росдал гьоркьохъеб школалъул директор - МухIамад ГIалиев, краевед –МухIамад - афанди Дадаев, «НасихIат» газеталъул редактор, шагIир ва хъвадарухъан - Париза Гереева, **«Чапар»** газеталъул бетIерав редактор - Мухтар Чупалаев,Буртунай росдал гьоркьохъеб школалъул авар мацIалъул ва адабияталъул мугIалим - Загьра ГIалиева, Ах1мадпаша Зиявдиновасул росуцоял, гIагарлъи ва гьудулгьалмагъзаби.

Гьеб данделъиялда кIалъазе вахъарав ХI. Мусаевас абуна: **«ЛъикIаб гIадатлъун лъугьун буго нилъерго ракьцоязе къимат кьолаго, гьезул ишал кIочене течIого цIи гьари. Гьеб буго хадусеб гIелалъе рухIияб тарбия кьеялъе хIажатаб иш. РакIалда буго районалъул юбилеялде къватIибе биччазе бугеб «Книга памяти» тIехьалда нилъерго гьединал машгьурал гIадамазул цIарал хъвазе»**,-ян. Хадусан кIалъазе вахъарав З. Ильясовас баркала загьир гьабуна А. Зиявдиновасул **«ТIанхал гъуна хаслихъе»** абураб тIехь къватIибе биччазе квер бакъарав Н.Имащовасе. Бицана АхIмадпашал гIумруялъул, хIалтIул поэзиялде букIараб рокьул, махщелалъул,хасго цIалул заведениялдацин рахьдал мацI малъизе ккеялде гьес кьолеб букIараб кIваралъул.

А. МуртазагIалиевас кIудияб къимат кьуна гьеб данделъи магIарул мацIалда бачунеб букIиналъе **«ГIурус мацIалда букIарабани дун гьаниве вачIине вукIинчIо.**

**Дир эменги хIалтIана гIумруялъ рахьдал мацI цIуниялда тIад.Жакъа дунги вуго гьеб битIун хIалтIизабиялъул гIелмуялда тIад хIалтIулев…»**, - ан абуна гьес. АхIмадпашал тIехьалдасан чанго кечIги цIалана А. МуртазагIалиевас.

Гьединго данделъиялде кIалъазе рахъарал, Гъ. Гьирисхановас, Н. Имащовас, З. Охъмазовас, М. ГIалиевас, М. Чупалаевас, М-апанди Дадаевас, П. Гереевалъ, З. ГIалиевалъ бицана А. Зиявдиновасул гIумруялъул, творчествоялъул. Гьесул кучIдул цIалана культураялъул хIалтIухъан Рамазан Гьанищевас ва Буртунай росдал гьоркьохъеб школалъул 10 классалъул цIалдохъан ХIусен Жамалдиновас. Гьоркьо-гьоркьор риччалел видеороликаз бихьизабулеб букIана АхIмадпашал гIумруялъул рукIарал цо-цо лахIзатал.

Данделъи махщалида бачунеб букIана библиотекаялъул хIалтIухъан Равзанат МухIамадхайрулаевалъ. АхIмадпаша Зиявдиновасул тIехьалъе кьураб **«ТIанхал гъуна хаслихъе»** абураб цIаралъулъ нилъеда бихьула инсанасул гIумруялъул хIакъикъияб сурат.

Дагь - дагькккун кьер хисулаго гIодоре роргула тIогьиллъарал



тIанхал. Гьел гурищ нилъер къоязул къисмат? Лъалеб букIун батила шагIирасдаги, гьеб гъотIол рагIдукь живго халат хутIизе гьечIевлъи.

*ГIазу бан хадусан*
*Кьиндал гъветI гIадин,*
*БетIер хъахIлъун хадуб*
*Дие г1ищкъу щиб?*

*Хаслихъе гъутIбуца*
*ТIанхал рехула,*
*Хиялал риххидал*
*Дие балай щай?*

**ХI. КАРИМОВА.**

К1удияб Бергьенлъиялъе - 75 сон!

# «Реццалъул орден»

Кинаб рагъда г1ахьаллъаниги, пачалихъазул билъанхъараб г1адатлъун бук1уна рагъулъ бихьизабураб бах1арчилъиялъухъ, гьунаралъухъ рагъухъанасе кьолел бат1и-бат1иял шапакъатал.

СССР - алъул заманалда бищунго къимат т1адег1анал шапакъаталлъун рук1ана **«Ленинил»**, **«Бергьенлъиялъул»**, **«Баг1араб Ц1ва»**, **«Реццалъул»** ва цогидалги орденал, **«Совет Союзалъул бах1арчи»** абураб медаль.

1941-1945соназ К1удияб Ват1анияб рагъда мухъилав рагъухъанасе гьес бихьизабураб бах1арчилъиялъухъ кьолеб орденлъун рук1уна **«Реццалъул орден»** (орден Славы). Гьеб орденги бук1ана 3 даражаялъул.

Гьел орденал, Ват1анияб рагъ ахиралде щвезег1ан кьун руго 170 000 чиясе. 3 даражаялъул - 98 000, к1иабилеб даражаялъул- 46 000 ва т1оцебесеб даражаялъул -26 000 чиясе. Гьенир рук1ана гьадинал хаслъабиги масала: 3 даражаялъул орден щвеч1есе кьолароан- 2 даражаялъул. 2 даражаялъул щвеч1есе-1 даражаялъул орденал. Гьездасан лъабабго даражаялъул орден щварав чи ващад гьавулаан «Совет Союзалъул Бах1арчи» ц1ар щварав чиясул х1исабалда.

Рагъул соназда Дагъистаналда, лъабабго даражаялъул «Реццалъул орден» щун буго 7-го чиясе. Нилъер районалда лъабабилеб даражаялъул орден щварал ккола:

| | |
|---|---|
| 1. Г1абасов Мух1амадрашид | (Дилим) |
| 2. Г1алиев Х1абиб | (Дилим) |
| 3.Ахкубеков Мух1амад | (Буртунай) |
| 4.Базаев Къурбан г1али | ( Гуни) |
| 5. Бекмирзаев Мах1ач | (росу лъаларо) |
| 6.Бишиев Х1айбула | (Дилим) |
| 7. Голоев Мухтар | (Буртунай). |
| 8.Иванов Григорий | ( Дилим) |
| 9.Ильясов Х1абиб | ( Алмахъ) |
| 10.Мух1амадов Х1асангилав | ( Дилим) |
| 11.Насрудинов Г1айнудин | (Дилим) |
| 12.Саипов Шиказин | ( Ичк1а) |
| 13.Салимов Г1абдула | (росу лъаларо) |
| 14.Темирбулатов Мух1амадх1абиб | (Дилим) |
| 15.Угаев Уда | (Гуни) |
| 16.Уладиев Расул | (Буртунай) |
| 17.Г1умаров Паша | (Алмахъ) |
| 18.Будайханов Наби | (Алмахъ) |
| 19. Абубакаров Х1ажи | (Дилим) |

Гьанибго рехсезе бокьун буго цоги цо х1ужа. Дилим росулъа Г1алибулатов Давудие архивазда ратарал хъвай - хъваязда рекъон кьезе бихьизе гьабун бук1ун буго, гьебго 3 даражаялъул (степень) **«Реццалъул»** орден кьезе.

Гьесул шапакъаталъул т1амачалда хъван буго гьадин:

***«…Автоматчик мотоциклетного батальона 5-го гвардейского отдельного мотоциклетного полка- 1-го Белорусского фронта тов. Алибулатов в уличных боях в городе Берлин 1 мая 1945 года ворвался в дом и огнем из автомата уничтожил расчет стрелкового пулемета противника. Захватил пулемет и открыл огонь из него по противнику, чем самым обеспечил свободное продвижение подразделения на этом участке. За мужество, инициативу и отвагу тов. Алибулатов Д. представляю к ордену Славы III степени. Командир мотоциклетного батальона гвардии майор Верпеко.03.05.1945".***

Нижехъе щварал баяназда рекъон Алибулатов Д. гьеб орден щун гьеч1о. Щай щвеч1ебали лъазабулеб буго. Архивазда ругел шапакъатазда т1амчазда хъван бук1уна гьелъул х1акъалда.

Масала, гьадин хъван буго Дилим росулъа Насрудинов Г1айнудинил х1акъалда: «***… командир пулемётного расчёта 2-го стрелкового батальона 67-го гвардейского стрелкового полка 22-й стрелковой дивизии 2-го Прибалтийского фронта тов. Насрудинов ранее награждался медалью «За отвагу».***

***В наступательном бою 29 октября 1944г. в районе населённого пункта Русини в Латвийской ССР при прорыве вражеской обороны тов. Насрудинов одним из первых бойцов своего подразделения достиг вражеской обороны выдвинув свой станковый пулемет за полотно железной дороги тов. Насрудинов обстрелял вражескую пехоту, отрезав им путь к отступлению. За этот бой тов. Насрудинов уничтожил 9 немецких солдат,2 огневых точек противника и взял в плен 6 немецких солдат. За уничтожение живой силы и техники противника, проявление личной смекалки и отваги ходатайствую о награждении тов. Насрудинова А.орденом Славы III степени. Командир полка гвардии подполковник Маруснякк,30.11.1944г.***

Гьел киналго руго Подольск шагьаралда бугеб Централияб рагъулаб архивалдаса щварал баянал. Рук1ине бегьула цоги нижеда лъач1ел, ратич1ел, гьоркьор хут1арал, гьеб **«Реццалъул орден»** щварал нилъер ракьцоял. Бокьилаан гьезул х1акъалда редакциялда лъазабуни.

**М-афанди ДАДАЕВ,**
**Дилим росу, г1агараб ракьалъул тарих лъазабулев**

*Инсан ва г1умру*

# Нухда ругел мажгитазул нижее кумек ккола



Нужер ракьалдасан муг1рузул районазде ц1акъго г1емерал чаг1и хьвадулаан дол цересел соназ.

Гьанже,Унсоколо районалдасан хъил т1ураб шагьранух гьабуралдаса Х1ариб маг1ардасан унезул къадар г1езег1анго дагьлъана.

Дагьлъани щиб, ниж Гумбет районалъул, Данухъ, Аргъвани, Мелъелт1а, Лъарат1а росабалъ яшав гьабун ругел г1адамазе къокъидго ккола Хасавюрт, Гъизилюрт шагьаразде къвариг1араб ишалъ сапаралъ ине Х1ариб маг1ардасан.

Гьедин, хасалоги, риидалги, т1абиг1аталъул хиса-басиялъухъ балагьич1ого къват1ире рахъараб мехалда, нухда ругел г1адамазе,цо-цо къварилъи ккеч1ого хут1уларо. Машина хола, гьакибер биччала, унтула - щокълъула, ракъула, къечола.

Гьединал лъугьа- бахьиназда нижее к1удияб кумек ккола, Х1ариб мег1ер бегарабго Хасавюрталде щвезег1ан нухда ругел г1исинал мажгитазул.

Хасго Дилим-Буртунай росабазда гьоркьоб, «Зам-зам» абун ц1ар хъвараб иццалда аск1об Г1умаханов Ах1мадпашаца бараб мажгиталъул гьай-гьай нижее буго к1удияб рах1ат.

Гьев, жинда Аллагьасул салам лъеяс гьенир ч1езарун руго инсанасе какил шурут1ал т1уразариялъе х1ажатабщинаб. Бух1арабги ц1орорабги лъим, конфет-печен, азбаралда г1одор ч1езе т1адхъел, ц1ализе Къуръаби,сапун-порошок.

Буртунай бахун т1адехун ругел т1олалго росабазул жамаг1атаз рак1-рак1алъулаб баркала загьир гьабулеб буго Буртунай росулъа Ах1мадпаша Дарбышевичасе жидер х1ажат т1убазелъун нух раг1алда гьеб мажгит баралъухъ. Аллагьас иманалда т1орит1аги гьевги гьесул агьлу-хъизанги, баракатги лъеги гьезда.

**Мух1амад МАВЛУТОВ Гумбет район, Мелъелт1а росу, .**

*Архивалдаса*

# Тарихал ва х1ужаби

Цересел архиологал, этнографистал ва тарихчаг1и Ф.И. Генел-1828 с., Р.Ф. Росинил-1830 сон, А.М. Буцковскиясул-1882 сон архивалда ругел хъвай-хъваг1аязда рекъон 1866 соналъ ракьазул г1орхъи ч1езабиялъе г1урус пачаясул рагъулав вакил подпоручик Жариковасул бет1ерлъиялда г1уц1ц1араб комиссиялъул мухъилъ рук1ун руго депутатал; Миякьоса прапорщик Даци Нурах1матов, Дилималдаса старшина Байсултан Темирбулатов,Алмахъалдаса старшина Г1умар Г1алиев, Ц1обокьа старшина Къумано Х1асанов,Буртунаялдаса старшина Г1алимчи Хангерев.

Гьеб заманалда Салатавиялъул ракьалда яшав гьабун бук1уна Дагъистаналъул маг1арулаз.

Анц1ила лъабабилеб векалда Монголазул рагъулав цевехъан, рекъав Тимур жиндирго аскаргун Дагъистаналде щварав мехалда, Алмахъалда бук1уна 9000 ц1арак и.

1500 соналъ басрияб Ч1ик1аб росдал къуч1 лъола Гьидалиса вацал Хизрицаги Мусацаги. Г1емер кват1ич1ого гьенире рач1уна Эмильт1аса Уру-Г1али,Магидинталаялдаса Пирав ва Дилиелав, Ц1обокьа К1удияв Дибир, Данухъа Ц1ельта Г1алилал, Хатилал, Г1аркьухъел ва Зайдилал.

Буртунай росдае къуч1 лъола IV-векалдаго. Гьеб росу ккуралльун рик1к1унел руго **«Данхъал»**(Гумбет район), **«Чанхъал»**(Болъихъ район), **«Ансал»** (Унсоколо район), **« Г1андал»**- (Г1анди росу,Болъихъ район), **«Хъаралал»**-Хьараниса, **«Керчал»**-Карачаялдаса, **«Рураби»**, **«Будунилал»**-Бакът1ерхьул Дагъисаналдаса.

XVII- векалда Салатавиялъул Союзалде кколел рук1ун руго: Алмахъ, Буртунай, Гуни, Хубар, Гертма, Дилим, Ц1обокь, Миякьо, Гьозтала Зурамюрт, Иха, Ч1иркъа, Хадум, Ичк1а, Бавтугъай,Чирюрт росаби ва гьезул тахросо- Ч1ик1аб. 1847 соналъ Дагъистаналда ругел бусурбабазул цо-цо къукъабаз байбихьула капурзабазде данде гъазават.

Г1алибег-Х1ажи абурав чачанас жинда сверухъ рак1арула г1емерал бусурбаби ва Кавказалда рук1арал гурусазул аскаразде данде рагъ гьабула. Гьенире г1ахьаллъула Салатавиялъул ва Гумбеталъул г1адамалги,гьорлъе жуяла Ц1унт1иселги. 1877 соналъ Ник1алайил генерал Меликовас гьеб дандеч1ей лъуг1изабула ва гъанкъула 15 машгьурал г1алимзаби.

Рагъулаб трибунаялъул х1укмуялда рекъон Гьунибги Дербенталдаги гъанкъула: Имам Х1ажимух1амад къади Ц1удахъ1арски, Г1аббас-Паша,Г1абдулмажид,Зубаир-бек,Г1абдулах1ажияв, Гьазиах1мад ва цогидалги. Т1олго: 300 чи.

Сибиралде рит1ула ; Гъуниб округалдаса- 1453 чи
Гъизилюрт округалдаса - 1441 чи
Салатавиялдаса – 1978 чи.
Т1олго Дагъистаналдаса – 4872 чи.

Адам Аварагъ(г1.с.) дунялалде вач1аралда Г1иса Аварагъ(г1.с.) гьавизег1ан ун буго 6685 сон. Жакъа къоялде х1исаб гьабуни гьеб ккола: 8704 сон.

Нилъеца Индирин абулеб Хасавюрт районалъул гьанжесеб Эндирей росдаде т1оцебе абулеб бук1ун буго **«Гуен-кала»**-йиан». Буртунаялде, цин Албуритонай,хадуб Бортана,гьанже Буртунай. Гьаб макъалаялда Салатавиялъул росабазул ц1арал ва цогидалги х1ужаби хъвалел руго хисизарич1ого.

*Хадусеб бук1ине буго.*

**М.Г1. ЧУПАЛАЕВ.**

*Байбихьи 45-46 номеразда*
*Хирияб калам*

# Ясин

***Маккаялда рещт1инабураб жинда жанибункъоялда лъаб го аят бугеб***

***Нижеца Къуръаналъул 36-аб сура Ясин газеталда бахъулеб буго, чи хвараб мехалъ - жаназа букъулелъул ва хабада лъабго-анкьго къоялъул дуг1а - алх1ам гьабулелъул ц1алулеб хирияб Аллагьасул калам бук1иналда.***

***Газета ц1алулез суалал рач1унел руго щай гьеб сура ц1алулеб, ялъуни щай цогидаб ц1алулареб абурал. Гьединго суалал рач1унел руго гьеб сураялъул хварасе кумек гьабулищ-гьабуларищ абуралги. Гьел суалазе жаваб кьезеги лъугьинч1ого, нижеца х1укму гьабуна***

***Сасикьа Г1абдурах1маница маг1арул мац1алде буссинабураб Аллагьасул гьеб хирияб калам газеталда бахъизе. Ч1ег1ерал х1арпаздалъун хъварал руго Ясиналъул мухъал, хъах1ал - Г1абдурах1маница кьурал баянал ва мух1канлъаби.***

54. Аллагьасул рахъалъан гьеб халкъалде хит1аб гьабула: **«Жакъа цониги нафсалъе зулму гьабуларо ва щибаб нафсалъе жаза гьабула гьелъ дунялалда гьабураб г1амалалда рекъараб»**- абун.

55. Гьеб Къиямасеб къоялъ Алжаналъул бет1ергьаби жидерго ниг1матазулъ рук1уна ва жужах1алъул агьлу рак1алде щвеялдаса машгъуллъун рук1уна.

56.Гьел муъминзабиги гьезул руччабиги Алжаналъул пихъил ахазул раг1дукь рук1уна, жавгьар-якъутаз къач1арал тахазда т1ад г1одор ч1ун ва хьибил ч1ван, рах1аталда рук1уна.

57. Гьезие Т1адег1анав Аллагьас Алжаналда жаниб бат1и-бат1ияб пихъ бижун буго ва гьезие щиб жо бокьаниги, гьеб щолебги буго.

Гьеб т1алаб гьабизе хадур лъугьинч1ого, гьелда къасд ккараб го, жидеда аск1об ч1ун батула.

58.Алжаналъул агьлуялъул цоцаздехун бугеб хит1абги буго: **«Салам»** аби. Гьеб алжаналъул агьлуялда Аллагьасул рахъалъан абула: **«Нужее салам буго Жив гурх1улев нужер Бет1ергьан Аллагьасул рахъалъан»** - абун.

Алжаналъул агьлуялде т1аде радал-бакъанида малаикзабиги лъугьуна ва гьезги **«Ассаламу г1алайкум»** - абун гьезие тах1ият (к1одо гьари) гьабула. Аллагьасул свалат-салам лъеяв Аварагасдаса бицараб х1адисалъулъ буго: **«Алжаналъул агьлу жидер ниг1матазде машгъуллъун бук1аго, гьезда т1аде цо нур баккун бач1уна. Бет1ер т1аде борхун жал балагьидал, гьезда Бет1ергьан Аллагь вихьула жидеда т1аде ваккун ва Гьес абула: «Ассаламу г1алайкум, я Алжаналъул агьлу!»** - ян абун. Гьаб х1адисалъ баян гьабураб маг1на буго гьаб аяталъулги.

59.Гьеб къоялъ Т1адег1анав Аллагьас абула:**«Нуж рат1алъе ва рик1к1алъе, я гьал капурзаби, Дида иман лъурал ва Дие г1ибадат бац1ц1ад гьабурал муъминзабаздаса»** - абун. Гьаб раг1и гьезде абула х1исаб-мизан гьабизе мах1шаралде рак1араб мехалъ, ва гьеб х1исаб гьабун Алжаналъул агьлу Алжаналде, жужах1алъул агьлу жужах1алде бит1улеб мехалъги.

60. Гьезда бадибч1вай гьабун Т1адег1анав Аллагьас жеги абула: **«Дица нужеда амру гьабун бук1ана гури, я гьал Адамил лъимал, нужеца щайт1аналъе лагълъи гьабуге абун. Гьеб щайт1ан нужер баянаб тушман бугин, жиндир мурад нуж къосинари бугеб абун.**

61.Нужеца дие лагълъи гьабеян амру гьабунагури нужеда? Щайт1аналъе лагълъи гьабич1ого Т1адег1анав Аллагьасе лагълъи гьаби буго бит1араб нух ва х1акъикъияб дин.

**(Хадусеб бук1ине буго)**

# Х1урматиял районцоял!

Унеб буго 2020 соналъул т1оцебесеб бащдаб лъаг1алие газета хъваялъул кампания. Гьари буго нужер щивасде, рес рекъани, г1агараб **«Чапар»** газета хъвазе х1аракат бахъеян.

Багьа - 293 гъур.

**Х1урматгун редколлегия.**

*Спорт- инсанасул сахлъи*

# Футбол х1аялъул турнир



1 ноябралда Дилим росулъ **Медресе-Арена** ялда тIобитIана щибаб лъагIалида гьабулеб, администрациялъул Кубокалъе футбол х1аялъул турнир. Гьенире гIахьаллъана районалъул росабазул 10 команда.

ХIаял тIоритIана олимпиадаялъул къагIидаялда ( цо нухалъ къараб команда къецаздаса нахъе уна). Абизе ккараб буго, киналго хIаял рукIанин хIалуцарал,хасго бащдаб финалалда ва финалалда х1алаго.

Гьел къецазда лъабабилеб бакIалъе гIоло хIана Ленинаул ва Калининаул росабазул командаби. Гьениб лъикIаб хIай бихьизабуна ва бергьана Калининаул росдал команда. Финалияб хIаялда дандчIвана Дилим ва Гъоэтала росабазул командаби. Гьеб х1алуцараб хIаялда 8:7 счёталда бергьенлъи босана Дилим росдал командаялъ.

Бергьаразе ва призалъулал бакIал ккуразе гьенир кьуна Кубок, медалал, грамотаби ва райадминистрациялъул рахъалдасан гIарцулал шапакъатал.

**Э. МУХ1АМАДГ1АЗИЗОВ,**
**Дилим росу.**




11 по 22 ноября прошел второй этап традиционной Общероссийской антинаркотической акции **«Сообщи, где торгуют смертью!»**, в рамках которой круглосуточно граждане могут сообщить о фактах продажи, адресах, местах хранения наркотических средств. Всю принятую информацию проверяют сотрудники, внутренних дел.

18 ноября Центре традиционной культуры народов России состоялась акция **«Сообщи, где торгуют смертью»** направленного на борьбу с незаконным оборотом и немедицинским потреблением наркотиков.

С обращениями к подросткам и молодежи выступили помощник прокурора Казбековского района, старший оперуполномоченный ОМВД, секретарь комиссии по делам несовершеннолетних и защите их прав администрации МР, руководитель МБУ **«Единый информационный центр»**, методист информационно-методического центра районного управления образования, председатель Совета женщин района, заместитель директора районной библиотеки, нарколог Центральной районной больницы и председатель ДРОО » Молодежь Казбековского района».

На данном мероприятии, помощник прокурора района разъяснил жителям, что незаконный оборот наркотиков жестко карается законом, разъяснил основные положения Уголовного кодекса и КоАП РФ, пояснил причины наркомании, ее последствия для подростков, деградации человека. Обратил внимание на появление новых видов наркотических и психотропных веществ и призвал жителей района сплотиться для решительного противодействия деструктивным силам, губящим наше общество. А также проинформировал о необходимости выработки позиции бескомпромиссного порицания наркомании и алкоголизма, об увеличении количество проводимых профилактических мероприятий указанной направленности, в том числе в сети интернет.

Прокуратура Казбековского района провела проверку исполнения законодательства об образовании в Российской Федерации.

Установлено, что 12 образовательными учреждениями района в нарушении ст. 29 ФЗ № 273 **«Об образовании в Российской Федерации»** на информационно-телекоммуникационных сетях, в том числе на официальном сайте в сети **"Интернет"** необходимая информация не обновляется.

По результатам проверки в суд направлено 12 исковых заявления об обязании образовательной организации разместить и обновить на официальном сайте информацию, подлежащей размещению в сети **«Интернет»**, которые рассмотрены и удовлетворены, образовательными организациями необходимая информация в сети интернет размещена.

*Бетlерав редактор:*
*Мухтар Гlалиевич Чупалаев*
*тел: 55-48-94*
*Жавабияв секретарь:*
*Мухlамад-Шарип Гlабдулашимов*
*тел: 55-48-95*

*Мухбирзаби:*
*Хlалимат Каримова,*
*Ибрагьим Идрисов,*
*Асият Дибирова*
*Фотомухбир:*
*Насрудин Абужанатов*

*Набор: Меседо Хlайбаева*
*Верстка: Марьям Атавхlажиева,*
*Зайнаб Гlабдулмуслимова.*
*Типографиялъул адрес:*
*Хасавюрт шагьар, ООО "Типография№4. ул. Мусаева 42*

*Газета х1адур гьабуна редакциялъул компьютералъул цехалда.*
*Графикалда рекъон, печаталде кьураб заман 16.00.*
*Х1акъикъаталда печаталде кьураб заман 16.00.*

*Учредитель: Администрация МР "Казбековский район"*
*Редакциялъул (издательствоялъул) адрес: РД, Казбек район, Дилим росу, 368140,*
*Индекс: 51354*
*Заказ №348 Тираж 1100*
*Багьа - 8 гъур.*

*Газета зарегистрирована в Управлении Роскомнадзора по РД 19.05.2014 г. серия ПИ № ТУ 0500290*

*Макъалабазда рехсарал хlужабазул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб авторас кьола*